**Родной язык**

**Дарсил тема: Антонимал**

**Дарсил мурад:** а/ Антонимазе баян кьезе. б/. Калам г1уц1изе ругьун гьари.
в/ Ц1алдохъабазул г1акълу ц1убазаби.

**Дарсил тайпа: Ц1ияб дарс.**
**Дарсил план:**
**Лъимал, жакъа нилъеца базе буго рукъ- гьеб буго г1ажаибаб рукъ, нужер лъаялъул рукъ- кин лъай бихьизабуниги гьелда бараб бук1ине буго нилъер рукъ.**
**Рукъ базе ккани, бак1 батизе ккола. Адрес батизе ккани, нужеца кьезе ккола суалалзе жавабал.**

**Нилъер Ват1ан щиб ?**

**Нилъер районалда ц1ар?**

**Нилъ ругеб къват1?**

**Гьанже нилъеца базе буго рукъ, рукъалъул бук1ине ккола щулияб кьуч1. Кьоч1ое нилъеца босизин раг1икъот1.**

1. **Кроссворд**
3. **Цебе малъараб такрар гьаби**
4. **Ц1ияб дарс**
5. **Дарс щула гьаби - суратаздалъун**
8. **Дарсил х1асил**
9. **Рокъобе х1алт1и ва къиматал**

| | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. Л | Е | К | С | И | К | А | | | | | | |
| | | | | 2. С | И | Н | О | Н | И | М | А | Л |
| | | | | | | 3. Т | И | М | У | Р | | |
| | | | | 4. О | М | О | Н | И | М | А | Л | |
| | | | | 5. Г1 | А | Н | К1 | | | | | |

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 6.Д | И | А | Л | О | Г | | |
| 7.Ш | А | Х | Л | А | М | А | З | | | | |
| | | | 8. С | К | А | З | У | Е | М | О | Е |
| | | 9. П | О | Д | Л | Е | Ж | А | Щ | Е | Е |

1. Мац1алда ругел киналго раг1аби ккола

2. хъваялъулъ жал бат1иял маг1на г1агарал раг1аби

3. «Ганч1ил вас» асаралда вас вухизе буюрухъ кьуна (Тимурица) Кинав чилъун ха , лъимал, Тимур вук1арав?Щай васас Тимурида лъим бихьизабич1еб? 2019-2020 сон кинаб сонлъун ха ,лъимал,бук1араб? Кин гьеб нилъее зах1малъараб?Балагьалъул сонилан абизе бегьулищ гьеб сонналда? ( Гьеб сон бук1ана лъимал ц1акъ зах1матаблъун, щайгурелъул «коронавирус» абураб унтиялъ дунялго кверде босана. Гьеб унти к1алт1е щвеч1еб цониги рукъ батизе гьеч1о, г1емерисезул камуна г1агарал...Гьединлъидал,лъимал, нилъеца рак1-рак1алъ баркала загьир гьабизе ккола больницаялъул х1алт1ухъабазе.Жидерго рух1алда барахщич1ого, унтаразе кумекалъе ва х1алае ч1ана гьел унти багъараралдаса нахъе.)(Восп.минут)

4 Абиялъулъ ва хъваялъулъ цогоял, амма маг1на бат1иял раг1аби

5.Ц1адаса Х1амзатил асар « Гъалбац1ги г1анк1ги»

6. К1иго яги ц1ик1к1ун чиясул к1алъай

7. Бецай устар (Шахламаз)Гьей йик1ана махщел бугей устар.Щиб махщалил г1адан гьей йик1арай?(Ессарухъан) Нилъеца х1аракат бахъизе ккола ,лъимал, цо кинаб бугониги махщел лъазабизе. Махщелалъул къимат кидаго холаро.(Восп.момент)

8. предложениялъул член мац1ихъан

9. Предложениялъул бет1ераб член, жинца иш гьабулеб ва жиндир х1акъалъулъ бицунеб?

Гьаб раг1икъот1алда жаниб бахчун буго цо раг1и нилъеца жакъа дарсие кьуч1лъун босизе бугеб.

Раг1икъот1алдасан лъималаз жидецаго рагьула темаялда ц1ар( Антонимал,дарсил мурад)

Гьале нилъеца лъуна рукъалъе кьуч1. слайд (кьуч1-фундамент)

**Рач1а нилъеца цебе малъараб такрар гьабилин**

Омонимал. Лъица рак1алде щвезабилеб омонимал сунда абулеб? Мисал

Синонимал .Сураталдасан синонимал ургъизе - Лъимал аваданал- кепал, разиял,ц1одорал, г1акъилал, ясал берцинал- гьайбатал, васал кинал лебалал, г1едерал,

Мадина кинай- ц1одорай, г1акъилай, Салтанат - берцинай, гьайбатай. Расул - лебалав, г1едерав, тирияв.

Цебе малъараб такрар гьабиялдалъун гьале нилъеца бана къед (стена)

Физ. минутка

Ниж ана ана ана

Нижеда цо т1егь батана

К1усана,сунт1ана мах1

Рахъана,гьимана цоцазе ( Оранжевый цвет)

АНТОНИМАЛ абула цоцазе г1аксаб маг1на бугел раг1абазда. Антоним грек мац1альул к1иго раг1удаса лъугьун буго: АНТИ «данде» абураб маг1на ва ОНИМА «ц1ар» абураб маг1на. Масала, хасел-рии,гьуинаб-ц1ек1аб,рагъ-рекъел. Предметияб ц1аралъе предметияб ц1ар босизе ккола(яс-вас), прилагательноялъе прилагательное(лъик1ав-квешав), глаголалъе глагол(квачана-хинлъана).

Г1урус мац1алдаги маг1арул мац1алдаги антонимал цого жал кколищ ха, лъимал? Лъица дие бицинеб г1урус мац1алда антонимал кинал раг1абазда абулеб? Мисал

Т1адкъай (антонимал хъвазе)

Яс Вас

| | |
|---|---|
| Ракь | Зоб |
| Рекъел | Рагъ |
| Вац | Яц |
| Лъик1ав | Квешав |
| Сордо | Къо |
| Бакъ | Нак1к1 |

Гьанже нилъеца Ц1адаса Х1амзатил асаралда жаниб антонимал ратизе руго.

ЦIАДАСА Х1АМЗАТИЛ АСАРАЛЪУЛЪ АНТОНИМАЛ РАТЕ

Риидал бет1ер гьалич1езул
Кьиндал хьагги гьалуларо,
Кверда пинкьал рахъинч1еца
Хъах1аб чедги кваналаро.

Жакъа ихдалица халг1ат рет1индал,
Хасалил муг1рузул маг1у чвахана.
Хинаб гьаваялде каву рагьидал,
Квачарал къояца къо лъик1 гьабуна.

Гьанже нилъеца гьабизе буго предложениялъул синтаксияб разбор.

Нижее квешал г1адамал рокьуларо.

Рач1а лъимал нилъеца гьаб предложениялда «квешал» абураб раг1иялъе антоним батизин( лъик1ал) ,т1олабго предложениеги хисизабизин антонимги лъун

Нижее лъик1ал г1адамал рокьула.

Гьале ,лъимал, нилъеца бана гьадинаб берцинаб рукъ. Гьаб рукъ бана нужер лъаялъул кумекалдалъун.

Къимат лъе.

20-25б----5 къимат

10-15---4 къимат

Дарсил х1асил

Щиб жакъа нужеда лъараб?

Дарс бокьарабищ?

Кинаб т1адкъай бокьараб ва щиб зах1малъараб?

Рокъобе х1алт1и: лексика такрар гьабизе.

Жакъасеб дарсие эпиграфлъун росун рук1ана нилъеца гьадинал раг1аби «Метер маг1арул мац1 хвезе батани,

Хваги дун жакъаго гьаниб рак1 кьвагьун». Лъил раг1аби ха гьал кколел? ( Расул Х1амзатовасул). Расул Х1амзатовасе жиндирго мац1 ц1акъ бокьулаан , гьев ч1ух1арав вук1ана жиндирго халкъалдаса ва мац1алдаса. Расул Х1амзатовасе гурониги г1емерал шаг1ирзабазе бокьулаан жидерго рахьдал мац1, жалго г1ураб Ват1ан. Рач1а нилъеца мисалалъе йосизин халкъияй поэтесса Фазу Г1алиева. (1932-2016 )      Лъалищ нужеда гьей? Слайд

Гьале жиндирго коч1олъ маг1арул мац1алъул х1акъалъулъ гьадин хъвалеб буго гьелъ

«Дир рахьдал мац1»

Гьаб мац1 дие къуна маг1арулаца

Маг1арул намусгун бечедаб ирслъун,

Бац1ц1адго ц1уне гьаб, бечед гьабе гьаб,

Гьедда ах1е дуца х1асратаб кеч1ан.

Гьале гьанисан бич1ч1уна нилъеда кин г1аданасе рахьдал мац1 хирияб бук1унебали, нилъецаги маг1арул мац1 ясбер г1адин ц1унизе кколеблъи. Мац1 гьеч1они –гьеч1о нилъ.

Х1ажи Гъазимирзаев(1927-1994)  Слайд

«Васасде»

Мун гьудуллъун вук1а, рак1 биччан вук1а,

Гьебин чилъиялъе чара гьеч1еб жо.

Дурго г1елалда гъорлъ г1аданлъи ц1уне,

Щ1ик1к1аразул адаб ,воре,рехуге!

Щибха гьаб коч1олъ нилъеда малъулеб бугеб?

Бакьайч1иса Ч1анк1а (1866-1909)

«Сайгидул Бат1алиде»

Васищха вук1арав Шапиг1иласул,

Сот1набазде данде живго вагъулев!

Гъалбац1ни бук1араб хьиндал к1к1алахъа,

Бакьараб боялда гьунар бихьараб!

Гьаниб коч1олъ бихьизабун буго лъимал Дагъистаналъул васазул къвак1и, гьезул Ват1аналде бугеб рокьи,тушманасдехун бугеб ццин.

Машидат Гъайирбекова1927

«Эбелалъул рак1»

Лъимадул рохелалъ зодиб боржунеб,

Лъимадул ургъелалъ ракьулъ т1ерхьунеб,

Т1олабго дуниял жаниб бачараб,

Дуниялалъул жаваб т1аде босараб,

Г1адамазул пикру гъорлъе бессараб,

Букъараб зарг1анаб эбелалъул рак1.

Гьаниб коч1олъ нилъеца ратизе руго антонимал.(рохелалъ-ургъелалъ)

Ц1адаса Х1амзат(1877-1951)

«Г1УМРУЯЛЪУЛ ДАРСАЛ»

Бесе адаб-дурго ярагъ,

Адаб ц1уне-дурго гьалмагъ;

Мех баниги, хеҏлъулареб,

Мун хваниги,к1очонареб.

Нилъер г1емерал шаг1ирзаби руго.Т1олазего бихьула кин жидерго мац1,ракь хирияб бугеяли.

Исана лъимал, цоги кинаб лъугьа-бахъин нилъеца к1одо гьабураб?

Советияб Автономиялъул соназда Дагъистаналъул г1умру т1убанго ва лъазе к1оларeб х1алалъ хисана.Революция ккезег1ан гьабин абизе промышленность жаниб бук1инч1еб Дагъистаналда гьабсаг1ат г1исинал мальич1ого 56 к1удияб промышленнияб предприятие, фабрика-завод буго х1алт1улеб. Гьале нилъеца гьит1инабго лъай-хъвай гьабуна нужее Автономиялъул х1акъалъулъ.

Гьанже рач1а нилъеца жакъасеб къоялъул цо гьит1инаб лъалк1 тезин.Лъик1а-лъик1ал раг1абиги абулаго, нилъеца т1оцебесеб гъвет1 ч1езин. Гъут1би къот1изе хвезаризе бегьулищ ха ,лъимал? Щай бегьулареб? Щайгурелъул гьез нилъер гьава бац1ц1ад гьабула,гьединлъидал гъут1бузул бак1алда ч1езе ккола ц1иял гъут1би. Жакъа нилъ ч1ух1изе ккола гьаниб нилъерго лъалк1 теялдаса. Нилъ ч1ух1изе ккола нилъерго Ват1аналдаса, умумуздаса,бах1арзаздаса, эбел-инсудаса.Г1емер руго, лъимал ,нилъер бах1арзал Ват1аналъе г1оло г1умру кьурал, гьеб тушманасдаса ц1унарал. Диеги бокьилаан нуж гьединал росу бахилал бах1арзаллъун рахъине, кидаго тушманасдаса къунареллъун рук1ине.

Гьалеха ,лъимал,нилъеца лъаялъул рукъалда аск1об ч1ана цо берцинаб гъвет1. Гьаб гъвет1ги к1удияб г1олеб, т1егьалеб бук1ине буго нужер эбел-инсуде ,Ват1аналде, гьудул-гьалмагълъиялде рокьи бугебг1анасеб мехалда…..

1[illegible].02.2021год